



Rick Scott
Gouvènè

Lillian Rivera, RN, MSN, PhD, Administratè

1ye mas 2011

Chè Paran,

Depatman Sante Konte Miami-Dade ansanm ak Lekòl Leta Konte Miami-Dade yo ta renmen pran opòtinite sa a pou enfòmasyon w osijè divès vaksen ki disponib pou pitit adolesan ou ki pa obligatwa pou antre lekòl men yo rekòmande anpil pou elèv ki gen menm laj ak pitit ou. Sa ta kapab yon avantaj alavni lè pitit ou pwoteje kont maladi sa yo, pa egzanp pou satisfè egzijans pou admisyon nan kolèj ak nan inivèsite ansanm ak pou pwoteje pitit ou pou li pa transmèt ni li pa vin enfekte ak okenn viris oswa maladi.

Ou ta dwe li rekòmandasyon yo e diskite avèk pedyat pitit ou pou asire w pitit ou pran vaksen sa yo. Si pitit ou pa gen ni pedyat ni asirans sante, Depatman Sante Konte Miami-Dade kapab bay pitit ou vaksen sa yo gratis (jiska 18tan).


Vaksen anti-menengokosik : li anpeche yon bakteri pwopaje ki kapan enfekte san yon moun e **koze yon fòm malady menenjit**. Maladi sa a gen dwa tiye moun e kapab bay sivivan yo anpil konplikasyon ki pral dire tout lavi yo. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) rekòmande pou timoun resevwa vaksen sa a lè yo gen 11zan avèk yon dòz rapèl plizyè lane apre sa. Anpil kolèj ak inivèsite egzije pou timoun yo pran vaksen sa a anvan pou yo aksepte enskripsyon yo.

Vaksen kont Papilomavirus (HPV) konseye pou tout moun ki gen ant 9 lane ak 26 lane. Li gen ladann twa (3) dòz vaksen yo ta dwe bay sou yon peryòd sis (6) mwa. Gen de (2) vaksen HPV diferan : yo konn bay yon mak vaksen fi sèlman e li pwoteje yo kont kansè sèvikal, e lòt mak la pou toulede fi ak gason, li pwoteje fi yo kont kansè sèvikal e toude gason ak fi kont bouton (very) jenital.

De (2) lòt vaksen yo rekòmande tou se vaksen kont Epatit A ak rapèl vaksen kont Tetanòs (Tdap). Vaksen Epatit A pwoteje kont viris Epatit A ki kapab enfekte moun nan manje ki enfekte, dlo oswa saliv e li kapab domaje fwa w. Timoun yo ta dwe resevwa yon dòz rapèl pou Tdap, si yo potko pran vaksen kont Tetanòs ak Diferi (TD) depi plis pase de (2) lane. Se pou nou asire nou pitit ou pwoteje koulye a kont lakoklich (latou koklichez).

Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon konsènan avantaj vaksen yo bay ak sekirite, al gade nan <http://www.cdc.gov/vaccines/>. Si pitit ou pa gen pedyat e w ta renmen kontakte sèvis vaksinasyon yo, tanpri rele Depatman Sante Konte Miami-Dade pou pran yon randevou nan 786-845-0550. (Remak : Timoun ki gen plis pase 18tan ki frekante Lekòl Leta nan Konte Miami-Dade elijib tou pou pran vaksen gratis nan Depatman Sante Konte Miami-Dade.)

Avèk senserite,


Fermin Leguen, MD, MPH
Medsen Chèf



Fermin Leguen, MD, MPH, Medsen Chèf
Sèvis Epidemyoloji, Kontwòl Maladi ak Vaksinasyon
Depatman Sante Konte Miami-Dade
8600 N.W. 17th Street, Suite 200, Miami, Florida 33126
Telefòn (305) 470 5660 • Faks (305) 470 5533
Wèbsayt : www.dadchealth.org. Imèl : Fermin_Leguen@doh.state.fl.us

